


Bhaibheri re vana  
Rikukupai

Jesu Mudzidzisi Mukuru



Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes

Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus

Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Rwakashandurwa na: Tendai Mugova

Rakabudiswa na: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2014 Bible for Children, Inc.

Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana  
usinganotengesi chete.





Jesu akanga  
ari mudzidzisi  
mukuru.





Vanhu vazhinji  
vakamuteerera.





Jesu  
akadzidzisa kuti vanhu  
vanofanira kuva netsitsi,  
uye vanofanira kuitira  
vamwe zvakanaka.





Jesu  
akadzidzisa  
zvakanwanda.  
Akadzidzisa  
kuti vanhu  
vaMwari  
vanoisa  
chiedza ...





... panzvimbo  
sezvinoita  
rambi kana  
raiswa  
munzvimbo  
ine rima!



Jesu akanga achitaura nevanhu  
vakanga vachitenda tsika  
yokutsiva  
vamwe.





Asi Jesu akadzidzisa ruregerero,  
uye kuda vanhu vose, kunyangwe  
vanotiitira  
zvakashata.



Vamwe vanhu  
vakanyepera kuva  
vakarurama.



Mushure mokunge  
vabatsira varombo,  
vakanga vachida kuti  
munhu wose azive  
zvavakanga vaita.



Jesu akati,  
"Kana muchipa, itai  
makavanzika kuti baba  
venyu vari kudenga  
vazokuropafadzai."



Jesu akadzidzisa zvimwechete  
pamusoro pekunamata. Vamwe  
vanhu vainamata pakati  
peguta pakanga  
pakazara  
vanhu.




Vakanga vasina hanya  
naMwari asi vakanga vaine  
basa nokuti vanhu  
vaifungei pamusoro  
pavo.



Jesu akavati vanhu  
vakanga vasina  
kururama.



Rimwe zuva Jesu  
akadzidzisa achiti, ...





... "Baba venyu varikudenga vanopa shiri zvokudya. Imi regai kunetsekana. Mwari vanokupai zvokudya."



Jesu akati, "Kunyangwe mutangamiri  
Soromoni akanga asina kupfeka  
zvakanaka semaruva ari panze.



Kana Mwari vachipa maruva  
zvokupfeka, vangatadza here  
kupa imi zvokupfeka?"



Jesu akanga achidzidzisa vanhu kuti  
vatende kuna Mwari uyo anotipa  
zvose zvatinoda.



Jesu akati, "Kana ukaona kutadza  
kweumwe munhu,  
zvaka fanana  
nokuedza  
kubvisa  
kamuti muziso  
reumwe iwe  
uine danda  
muziso rako."



Zvichida vanhu vakaseka,  
asi vakafanira  
kufunga kuti  
Jesu akanga  
achirevei.



Jesu akataurira vanhu kuti  
vakumbire Mwari rubatsiro.  
Baba vako vanokupa here  
dombo kana  
ukakumbira  
chingwa?



Kwete! Vanopa zvipo  
zvakanaka. Kana Mwari  
anopa zvipo zvakanaka  
kune vose  
vanokumbira.






Jesu, mudzidzisi  
mukuru akarayira  
nokuda kwevadzidzisi  
venhema.



Akati, "Vanouya  
vakapfeka nguwo  
dzinenge dzehwai,  
asi mukati makava!"



Akati vadzidzisi  
venhema vanoziyikanwa  
nokuda kwe hupenyu  
hwavo.



Jesu akataurira vanhu  
kuti kuteerera  
shoko raMwari  
kwakafanana  
nomunhu




anovaka imba  
yake padombo.




Mhepo yakasimba yakauya asi  
imba yakanga iri  
padombo haina  
kudonha.



Asi murume asina uchenjeri akavaka imba yake paivhu. Mhepo yakarova, imba iyi ichibva yadonha nokuti yakanga isina kusimba.



Jesu akati vanhu vasingatereri  
shoko raMwari vakaita seimba iyi.



Vanhu vakashamisika nemanzwi  
aJesu. Vakanga vasina  
kumbonzwa zvakadai.





Vakaziva kuti zvakanga  
zvisina kunaka kungonzwa  
shoko, asi vaifanira kuita  
zvarinotaura.



Jesu Mudzidzisi Mukuru

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 5-7, Ruka 6

"Mazwi enyu anotipa kuchena."

Mapisarema 119:130



Magumo



Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza  
zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu  
uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo  
zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo  
rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana  
wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye  
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa  
akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana  
uchitenda muna Jesu uye ukakumbira  
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako,  
Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo  
mako. Achagara mauri. newe ugogara maari  
mazuva namazuva.



Kana uchitenda kuti ichi  
ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti  
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye  
makauya semunhu panyika kuzofira zvitema  
zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo  
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive  
heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara  
nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti  
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu.  
Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari  
mazuva ese. Johane 3:16

